

Tuban, 27 Februari 2017

Alih Aksara oleh Zenith Latu Januar, SSiT.

Sajarahipun Para Bupati Ing Nagari Tuban

Ingkang kadamel purwaning gitaya nalika panjenenganipun Sang Prabu Banjaran Sari, Narendra Binathara ing Nagari Pajajaran punika kagungan putra kathah, ananging ingkang badhe kula angge ugering cariyos wau, muhung para putra wayah ingkang nedhakaken para bupati ing nagari Tuban kemawon.

Aluranipun kados ing ngandhap punika:

1. **Sang Prabu Banjaran Sari**, puputra: Raden Arya Metaun.
2. **Raden Arya Metaun puputra**: Raden Arya Randhu Kuning, punika lajeng lalana mangetan. Kanthi palilahipun ingkang eyang Sang Prabu Banjaran Sari, sareng tindakipun prapta ing Saleripun ardi Kalak Wilis. Dhistrik Jenu (Tuban). Lerep wonten ing ngriku. Watawis dinten lajeng babat ara-ara nama Srikandhi. Dumunung wonten pinggir pasisir sacelakipun ardi Kalak Wilis trus Mangidul badhe kinarya nagari, awit saking adrenging karsanipun Raden Arya Randhu Kuning, sariranipun kapengin sanget ngasta pusaraning praja jumeneng dadya bupati, pambabating ara-ara wau lami-lami lajeng dados praja kaparingangan nami nagari Lumajang Tengah. Raden Arya Randhu Kuning pindhah asma Kyai Ageng (Kyai Gedhe) Lebelonthang.

Halaman -4-

Kacariyos sajumenengipun Kyai Lebelonthang Lumajang Tengah, akarya gemah raharjaning nagari, para wadya alit boten kikirangan sandhang tedha, mahesa lembu tan pakinandhangaken. Dhurjana sami kekes wing prian daruna saking kataman prabawanipun ingkang bupati. Awit salugonipun Kyai Lebelonthang sekti mondraguna, saged manjing ajur ajer, mancala putra mancala putri, ing tyas pasthika manikma ambekbudi rahayu, pramila para abdi karerehanipun sami ajrih asih mituhu sapa ngrohipun, Kyai Lebelonthang anggenipun ambawani praja Lumajang Tengah laminipun 20 tahun.

3. **Kyai Ageng Lebelonthang** kagungan putra kakung satunggal kadibyanipun anglangkungi ingkang rama, asma Raden Arya Bangah (sanes Arya Bangah putra Prabu Brawijaya), Raden Arya Bangah wau tuhu pinunjul ing warni, kathah para wanodya ingkang sami kasmaran, ananging sareng ingkang rama seda boten karsa anggentosi, saking karsanipun badhe yasa nagari piyambak, pramila lajeng tindak mangidul para wadya punggawa sami andherekaken, sareng tindakipun dumugi ing ereng-erengipun redi Rengel lerep sawatawis lajeng babad wana ingkang badhe kinarya nagari, boten watawis lami dados praja, kaparingan nami nagari “Gumenggeng”.

Saking kawontenanipun nagari Gumenggeng ugi raharja, tanpahehing praja Lumajang Tengah, menggah nagari Lumajang Tengah samangke dados dhusun, nami dusun “Bugang” distrik Jenu (Tuban).

4. Raden Arya Bangah

Kagungan putra kakung satunggal. Asma Raden Arya Dhandhang Miring ing Warna yayah Ayang Ayanging Bawana (saat ayahnya mengemban tanggung jawab), sareng Raden Arya Bangah anggenipun mangro praja Gumenggeng angsal 22 tahun lajeng seda.

Raden Arya Dhandhang Miring nalika sugengipun ingkang rama; tansah anggenipun amesuraga, ing mongsa kala halalana ing ungyana ingkang samun muhung maneges samoring kawula gusti ingkang kahesthi. Benjing satedhak turunipun saged dadadya bupati prajurit. Sarta nagari ingkang badhe karohaken wau pidadahing salajengipun.

Saking sanget pamesuting raga; temahan saged katarima, Sang Hyang Kanekaputra anedhaki, awit ngemban sabda pangandikanipun Sang Hyang Jagad Pratingkah, inggih punika benjing sasurutipun ingkang rama sariranipun boten kalilan jumeneng bupati wonten ing nagari Gumenggeng. Awit badhe boten saged kadumugen sedyanipun nanging kedah babad wana piyambak.

Pernahipun ngaler ngilen. Nanging praja wau muhung kangge panjenenganipun pribadi. Wangsul benjing tanayanipun kemawon punika ingkang kapecia saged andhatengi kados ingkang dados sa-

Nuwunipun, nanging sarananipun kedah babad wana ing Papringan. Yen sampun dados kedah kawastanan Tuban. Awit kajawi badhe dados nagari ingkang kalokaning Tri Bawana, ing wingking badhe dados asrama utawi pasareanipun para wali utawi para aoliya saking tanah Arab. Bilih sampun dumugi mongsa kalanipun, Raden Arya Dhandhang Miring matur nyandikani Sang Hyangkanena kaputra lajeng mukaswa. Pramila sareng ingkang rama Raden Arya Bangah seda, boten karsa jumeneng bupati gentosi ingkang rama wonten ing praja Gumenggeng, lajeng para wadya punggawa sami kadawuh anbabad wana ngaler ngilen. Wana ingkang kababidan wau nami wana ancer-ancer, sareng sampun dados praja kaparingan nami nagari “Lumajang” menggah nagari Gumenggeng. Samangke dados dhusun, nami dhusun “Gumeng”, distrik Rengel (Tuban).

Raden Arya Dhandhang Miring puputra kakung satunggal, asma Raden Arya Dhandhang Wacana, tuhu bagus ing rupa, digdayama ambek wikutama, mila linuludan ing sasami. Nagari Lumajang ugi saged ayem tentrem gemah raharja, para wadya bala sami suka, Raden Arya Dhandhang Miring jumeneng bupati Lumajang laminipun (20) tahun lajeng seda. Saderengipun seda, sampun paring wasiyat pangandika dhateng ingkang putra Raden Arya Dhandhang Wacana, supados anyungkemana punapa sasmitanipun

Halaman -7-

Sang Hyang Jagad Pratingkah kados ingkang kawahya ing Nginggil, ingkang putra matur nyandikani. Pramila sareng ingkang rama seda, Raden Arya Dhandhang Wacana lajeng utusan wadya punggawanipun babad ing wana Papringan. Bokmanawi ing wekdal punika wau wana kathah tanemanipun pring(deling). Sareng sampun dados nagari kaparingan nami “Tuban”.

Sayektosipun kajawi netepi dhawuh sasmitaning jawata. Ing praja wau pancen kathah sumberaning toya. Toyanipun bening asrep dados nami nagari Tuban wau. Kenging kawredenan=dipun tegesi. Tuban=metu banyu; tubanyu; Tuban.

Sajumenengipun Raden Arya Dhandhang Wacana ing purakas Tuban, nagari katinggal raharja, datan wonten para durjana ingkang nandukaken ardaning cipta, pramila para punggawa samya suka ingkang datan papindha.

Sareng anggenipun jumeneng bupati pikantuk 3 tahun, lajeng iyasa pasanggrahan kanankering kinubeng ngana ing lepen miwah sendhang, sapinggaing sendhang tinaneman kajeng gurdama ripit pramila saged ayom asri, angrespateni.

Pasanggrahan utawi sendhang wau kaparingan nami “Bekti”, punika saking wawancahaning tembung pangabekti, awit bilih panjenenganipun Raden Arya Dhandhang Wacana ngangnatasi cangkrama utawi ameng-ameng ing ngriku, para abdi karerehanipun lajeng sami sowan

Halaman -8-

Mangabekti, samangke wau pasanggrahan utawi ing dhusun ngriku kasantunan nami “Bektiharja”.

Raden Arya Dhandhang Wacana ugi lajeng gantos asma “Kyai Gedhe Papringan”, anggenipun jumeneng bupati angsal 30 tahun lajeng seda. Kasarekaken ing Kali Gunting, dhusun Prunggahan (Tuban).

Wangsul pasarohanipun para bupati ongko: I, II, III, IV. Sampun kula hudika kranganipun boten saged sinanggih. Menggah nagari Lumajang samangke dados dhusun, nami dhusun “Bancar”.

Amrih gampiling pangetang.

Melahi bupati Tuban ingkang sapisan dumugi pungkasan punika kula damel ongka urut jati. Ingkang ngangge ongka 1 inggih punika Raden Arya Dhandhang Wacana, (= Kyai Ageng Papringan), awit punika ingkang murwani iyasa nagari Tuban, wondening para bupati ingkang kasebut ing nginggil (ngangge ongka Rum I dumugi IV) punika namung kangge susuluh purwaning cariyos, dados cicriyosan saged turut boten namajugag, pramila sampun kalintu ing panamapi.

I. **Kyai Ageng Papringan** puputra kalih, 1 Nyai Ageng Lanang Jaya, 2 Nyai Ageng Ngeso.

Nyai Ageng Lanang Jaya puputra jaler satunggal asma Raden Arya Ronggalawe.

Halaman -9-

Nyai Ageng Ngeso ugi puputra jaler satunggal asma Raden Arya Kebo Nabrang.

II. Sasedanipun ingkang eyang (Kyai Ageng Papringan) ingkang gumantos mangreh ing praja Tuban inggih punika ingkang wayah **Raden Arya Ronggalawe**.

Raden Arya Ronggalawe sareng jumeneng bupati Tuban dalem kabupaten kapindhah wonten ing sakilenipun guwa Gabar.

Praja Tuban ingkang wiwitan wau samangke dados 3 dhusun, a. Trawulan, b. Prunggahan Kulon, c. Prunggahan Wetan, para wanita ingkang wedalan saking tigang dhusun kasebut ing nginggil asring pinanggih sami endah ing warni, miwah dhekik pipinipun prasasat widadari angejawantah, pramila pantes pinila lakinarya garwa.

Boten watawis lami Raden Arya Ronggalawe jumeneng bupati, nagari Tuban karebat dening Raden Arya Kebo Nabrang, prangipun rame, ngantos gangsal dinten papaning paprangan dumunung saleripun Rawa Beron, akarya kathah ing pepejah, pakesungsun matimbun, wutahing rudi ranyanyah samudra bena, badhe pungkasanipun perang, kuda titihanipun Raden Arya Ronggalawe kawaos dening Raden Arya Kebo Nabrang, kenging andhemanipun sanalika ambruk trus pejah wonten ing sakilenipun dhusun Talun (pinggir margi ageng)

Halaman -10-

Samangke maujud sela, sahestha kapal hakarya heraming manah.

Raden Arya Kebo Nabrang lajeng kawaos dipun lantari waos dening Raden Arya Ronggalawe, kenging jajanipun lajeng pejah, kuwanda mukswa, malih dados uling pethak, Lumajang tambah ingkang sinedya.

Manut cariyosipun serat Damar Wulan, Raden Arya Ronggalawe wau tuhu digdaya sekti mondraguna, tar wonten braja tumama, sedanipun tatkala magut prang kaliyan Prabu Huru Bisma, layon rinebat para wadya prajurit kabeta kondur ing nagari Tuban, lajeng kasarekaken dateng astana Kajongan.

Raden Arya Ronggalawe jumeneng bupati lamenipun 30 tahun kagungan putra jalu satunggal asma Raden Arya Siralawe, ananging ing serat Damar Wulan tuwin serat melajeng ingkang nami "Hikajat Tanah Djawa" nerangaken putranipun Raden Arya Ronggalawe wau kakalih, 1. Raden Buntaran, 2. Raden Watangan, mongkahing babon sajarah namung kasebut kagungan putra satunggal asma Raden Arya Siralawe kados kasebut ing nginggil dados sokmakatena ingkang asma Raden Arya Siralawe wau bokmanawi Raden Buntaran awit putra pambajeng tur saged gumantos jumeneng bupati.

Halaman -11-

III. Sareng Raden Arya Ronggalawe seda, ingkang putra **Raden Arya Siralawe** gumantos jumeneng bupati, lamenipun 14 tahun lajeng seda.

IV. Raden Arya Siralawe puputra kakung satunggal, asma **Raden Arya Sirawenang** (Raden Arya Wenang), sareng Raden Arya Siralawe seda, ingkang putra Raden Arya Sirawenang gentosi ingkang rama jumeneng bupati, Raden Arya Siralawe jumeneng bupati lamenipun 42 tahun.

V. Raden Arya Sirawenang puputra **Raden Arya Lena**, sareng ingkang rama seda, Raden Arya Lena gentosi jumeneng bupati, lamenipun ngantos 52 tahun ananging dalem kabupaten lajeng kapindhah ing kampung Sidamukti.

Puputra kakung satunggal asma Raden Arya Dikara.

VI. Sasedanipun Raden Arya Lena, ingkang putra **Raden Arya Dikara** gumantos jumeneng bupati, lamenipun 18 tahun lajeng seda.

Raden Arya Dikara kagungan putra putri kakalih, 1. Raden Ayu Arya Teja, 2. Kyai Ageng Ngraso.

Raden Ayu Arya Teja wau kapundhut garwa dhateng Songabdurrahman putranipun Sojali (Sojalalodin=Kyai Makam Dawa).

Sareng Raden Arya Dikara kagungan putra mantu **Songabdurrahman**

Halaman -12-

Panjenenganipun ingkang bupati lajeng lumebet agami Islam inggih melahi ing wekdal wau ing nagari Tuban kataneman wiji agami Islam.

VII. Sasedanipun Raden Arya Dikara, ingkangin gentosi jumeneng bupati ingkang putra mantu **Songabdurrahman**, lajeng pidhah asma **Raden Arya Teja**, jumeneng bupati lamenipun 41 tahun lajeng seda.

VIII. Raden Arya Teja kagungan putra kakung satunggal asma **Raden Arya Wilatikta**, punika ingkang jueneng bupati gentosi ingkang rama, lamenipun 40 tahun lajeng seda. Raden Arya Wilatikta puputra Raden Said inggih Kangjeng Susuhunan ing kali Jaga.

IX. Sasedanipun Raden Arya Wilatikta ingkangin gentosi bupati Tuban, **Kyai Ageng Ngraso**, sareng Kyai ageng Ngraso sampun jumeneng bupati, lajeng krama angsal putranipun Raden Arya Wilatikta, dados kaprenah wayah kaponakan. Jumeneng bupati 40 tahun lajeng seda.

X. Kyai Ageng Ngraso puputra kakung satunggal, patutan saking putri-putrinipun Raden Arya Wilatikta kasebut ing nginggil Asma **Kyai Ageng Gegilang**, jumeneng bupati Tuban lamenipun 38 tahun lajeng seda.

XI. Kyai Ageng Gegilang kagungan putra kakung satunggal,

Halaman -13-

asma **Kyai Ageng Batabang**. Sasedanipun Kyai Ageng Gegilang, Kyai Ageng Batabang ingkang gentosi ingkang rama jumeneng bupati, lamenipun 14 tahun lajeng seda.

XII. Kyai Ageng Batabang kagungan putra kakung satunggal, asma **Pangeran Arya Balewot**, sasedanipun Kyai Ageng Batabang, ingkang putra Pangeran Arya Balewot ingkang anggentosi jumeneng bupati, lamenipun 56 tahun Slajeng seda.

XIII. Pangeran Arya Balewot kagungan putra kakung 2 ingkang:

1. Asma Pangeran Sekar Tanjung
2. Asma Pangeran Ngangsar.

Sasedanipun Pangeran Arya Balewot ingkang anggentosi jumeneng bupati ingkang putra pembajeng inggih punika **Pangeran Sekar Tanjung**.

Ngaleresi ing dinten Jumuah, Pangeran Sekar Tanjung salat ing masjid, sareng nembe rukuk lajeng kacidra. Kaprajaya saking wingking dening ingkang rayi Pangeran Ngangsar, kaliyan wasiyat Dhuwung Tilam Upih wasta Kyai Layon, kawat gata ing gigir terusa ing jaja lajeng seda.

(mengkah wau Kyai Layon samangke taksih kasimpen kangge pusaka dhateng ingkang ngarang punika serat) Pangeran Sekar Tanjung Jumeneng bupati

Halaman-14-

lamenipun 22 tahun, kagungan putra kakung kakalih, asma:

1. Pangeran Arya Pamalad
2. Arya Salemep

Nanging wekdal ingkang rama seda, taksih sami timur.

XIV. Sasedanipun Pangeran Sekar Tanjung, ingkang gumantos jumeneng bupati inggih ingkang rayi, **Pangeran Ngangsar**. Sareng angsal 7 tahun lajeng seda.

XV. Sasedanipun Pangeran Ngangsar ingkang gumantos jumeneng bupati **Pangeran Arya Pamalad**.

Pangeran Arya Pamalad sareng jumeneng bupati Tuban lajeng krama angsal putri putrinipun Kangjeng Sultan Pajang (Raden Jaka Tingkir).

Lamenipun ngasta pusaraning praja 38 tahun lajeng seda. Pangeran Arya Pamalad kagungan putra kakung satunggal, asma *Pangeran Dalem*. Nalika Pangeran Arya Pamalad seda, Pangeran Dalem taksih timur.

XVI. Sasedanipun Pangeran Arya Pamalad ingkang gumantos jumeneng bupati ingkang rayi; **Arya Salemep**, angsal 32 tahun lajeng seda.

XVII. Sasedanipun Arya Salemep ingkang jumeneng dados bupati **Pangeran Dalem**, ing ngriku dalem kabupaten lajeng kapindhah ing kampung Dagan, sakidulipun watu Tiban. Watawis tahun lajeng yasa masjid Pager Banon sarta iyasa

Beteng sajawining kitha dumunung ing guwa Gabar mangetan trus mangilen.

Kacariyos nalika Pangeran Dalem iyasa beteng, wonten satunggal bagiyan ingkang dereng rampung, garapan bagiyanipun Kyai Muhhammad Asngari, modin Majagung, asal saking nagari Cempa. Sareng kapirsan dening Pangeran Dalem, Kyai Muhhammad Asngari lajeng kadawuhan sagesta inggal hangrampungaken garapanipun, bilih boten inggal rampung badhe tami duduka ingkang sanget. Kyai Muhhammad Asngari matur nyandikani. Sareng ing wanci dalu Kyai Muhhammad Asngari lajeng ngeningaken cipta, nutupi babahan hawa sanga, mammalad samadi (semadi) hening, nunuwun dhateng Gusti Ingkang Murweng Dumadi. Beteng ingkang dados sasanggemanipun punika sagesta rampung.

Kyai Muhhammad Asngari tuhu kakasihing Sukma, punapa panuwunipun katarima, sanalika bagiyan garapanipun beteng ingkang dereng rampung saged rampung tur pelag alangkungi garapanipun para nara karya ingkang sami sinung pakaryan iyasa beteng.

Pangeran Dalem sanget ana ing galih dupima rikasani wau beteng, pramila lajeng kaparingan nami beteng Kumbakarna, awit katingal ageng inggilipun beteng kados Raden Kumbakarna.

Saha ing wekdal wau titiyang ing nagari Tuban sami sumerap bilih Kyai Muhhammad Asngari “Aoliya” (pandhita utama).

Kacariyos lami-lami Kangjeng Sultan ing Mataram midhanget pawarti.

Bilih Pangeran Dalem badhe balela ing panjenenganipun awit katingal saking adegan beteng Kumbakarna. Pramila panjenenganipun Kangjeng Sultan ing Mataram lajeng utusan prajurit wasta Kyai Randu Watang. Alampah sandi ing nagari Tuban.

Salebeting lampah sandi. Kyai Randhu Watang lajeng nancepaken wit randhu wana sapasang kangege cagak gantar. Randhu wana sapasang terasami gesang.

Kasebut Serat Purwa Lalana, uwit randhu wana wau agengipun datan patimbang, satanah Jawi boten wonten ingkang nyameni, dumununging kampung Kajongan kitha Tuban ananging sampun 50 tahun ngantos sapunika, sampun rebah. Lampahipun Kyai Randhu Watang ugi pikantuk keterangan kaliyan nyata, bilih Pangeran Dalem leres badhe ambalela ing Ratu. Pramila Kyai Randhu Watang lajeng inggal wangsl cahos udani dhateng Mataram.

Kangjeng Sultan sareng mireng aturipun Kyai Randhu Watang sanget duka, lajeng utusan prajurit wasta Pangeran Pojok kinanthenan wadya punggawa 1900 , hanglurugi ing nagari Tuban. Pangeran Dalem sareng mireng kabar manawi badhe pinrepahing ripu, lajeng mepak wadya punggawa prajurit anjagi dhateng mengsa. Sareng Pangeran Pojok sawadyanipun dhateng lajeng campuh prang, me-

lahi tiyang Tuban unggul yudanipun ananging dangu-dangu kaseser ing yuda, awit karoban tandhing, Pangeran Dalem lajeng lolos mangetan ing pulo Baweyan, ananging boten lami

lajeng tindak ing dhusun Rajek Wesi, ing wekdal punika ing Rajek Wesi dereng dados nagari, awit taksih karohing nagari Jipang (Panolan), angsal 5 tahun lajeng seda, kasarekaken wonten ing kampung Kadipaten (kaprenahing sawetanipun kabupaten Bojanagara) ngantos sapunika pasareyan wau katelah nami “Buyut Dalem”, sabedhahipun nagari Tuban wasiyat mari yemnama Kyai Sidi Murti ingkang wonten ing Kepoh Dhendher (kampung Sidamukti) lajeng musna tanpa krana. Sarta Pangeran Pojok lajeng utusan cahos atur ing Mataram. Bilih nagari Tuban sampaun bedhah, bupatinipun lolos, saking pangandikanipun ingkang Sinuhun Kangjeng Sultan Pangeran Pojok kalihan ing gentosi jumeneng bupati ing Tuban.

XVIII. Lestantun **Pangeran Pojok** jumeneng bupati. Ngaleresi ing dinten *Garebeg Mulud tahun Dal*. Para bupati ing satanah Jawi sami sumiwi ing Mataram, Pangeran Pojok ugi cumahos, ananging sareng tindakipun dumugi ing kitha Blora, gerah kidadak lajeng seda. Layon kasarekaken wonten ing sakidul alun-alun Blora. Pangeran Pojok jumeneng bupati lamenipun 42

Halaman -18-

tahun, sasedanipun Pangeran Pojok putra taksih sami timur, pramila boten sageding gentosi ingkang rama.

XIX. Ingkating gentosi jumeneng bupati rayinipun Pangeran Pojok wasta **Pangeran Anom**. Pikantuk 12 tahun lajeng kalerehaken saking Mataram. Salerehipun Pangeran Anom lajeng kataneman umbul kemawon, ing wekdal wau ing nagari Tuban lowong boten wonten bupatinipun. Wondening umbul wau 4 panggenan, inggih punika :

1. Wong Praja, manggen wonten ing Jenu
2. Wong Sahita, manggen wonten ing Gesik
3. Wong Sacakra, manggen wonten ing Kidul Ngardi
4. Yudapatra, manggen wonteng ing Singgahan

XX. Boten lami lajeng dipun gentosi bupati saking Mataram, wasta **Arya Balabar**. Inggih Arya Blendher. Dalem kabupaten lajeng pindhah ing kampung Kaibon, kaprenah sakiduling kuburanipun Kyai Kusen. Angsal 39 tahun lajeng seda.

XXI. Sasedanipun Arya Balabar, lajeng dipun gentosi dhateng **Pangeran Sujanapura**, bupati Japan (Majakerta). Dalem kabupaten lajeng pindhah ing dhusun Prunggahan

Halaman -19-

Pangeran Sujanapura jumeneng bupati lamenipun 10 tahun lajeng seda, kasarekaken ing dhusun Butuh.

XXII. Pangeran Sujanapura kagungan putra kakung satunggal, wasta Pangeran Yuda Nagara. Sasedanipun ingkang rama, **Pangeran Yuda Nagara** ingkang gumantos jumeneng bupati lamenipun 15 tahun lajeng seda ing Giri. Layon kasarekaken ing Giri.

XXIII. Sasedanipun Pangeran Yuda Nagara, ingkang gentosi jumeneng bupati **Raden Arya Surahadiningrat**, bupati saking Pakalongan. Raden Arya Surahadiningrat jumeneng bupati angsal 12 tahun lajeng kahamuk dhateng Raden Arya Dipasana, kanthi tiyang Madura wasta Kyai Mangunjaya, Raden Arya Surahadiningrat seda ing papaprangan.

XXIV. Sasedanipun Raden Arya Surahadiningrat, **Raden Arya Dipasana** ingkang gentosi jumeneng bupati ing Tuban. Angsal 16 tahun lajeng prang akaliyan tiyang Madura wonten ing Dhusun Singkul (Sedayu). Raden Arya Dipasana kasambut ing ngadi laga, seda kasarekaken ing Dhusun Singkul ugi.

XXV. Sasedanipun Raden Arya Dipasana ingkating gentosi jumeneng bupati inggih punika papatihipun wasta **Kyai**

Halaman -20-

Reksa Nagara. Sareng sampun jumeneng bupati lajeng pindhah asma *Kyai Tumenggung Cakra Nagara*. Sareng anggenipun jumeneng bupati angsal 47 tahun lajeng seda. Kasarekaken wonten ing dhusun Dagangan dhistrik Singgahan (Tuban). Saking lami saha kathah jasa utawi kasaenanipun dhateng nagari, kaparingan sasebutan Adipati.

XXVI. Sasedanipun Kyai Adipati Cakra Nagara ingkating gentosi jumeneng bupati ingkang putra kakung wasta **“Kyai Purwa Nagara”**, sareng angsal 24 tahun lajeng perlop ing Demak awit gerah, boten watawis lami seda. Kasarekaken ing Demak ugi. Saking tetembungan perlop wau bongsa kita Jawi anggenipun mastani lajeng ewah dados perlos. Tumenggung Perlop, ewah dados Tumenggung perlos.

XXVII. Sasedanipun Kyai Purwa Nagara (Tumenggung perlos), ingkang gentosi jumeneng bupati **“Kyai Adipati Lider Surahadi Nagara”** jumeneng bupati angsal 3 tahun lajeng seda.

XXVIII. Sasedanipun Kyai Adipati Lider Surahadi Nagara, ingkang gumantos jumeneng bupati putranipun kakung, wasta **Raden Suryahadi Wijaya (Raden Tumenggung Suryahadi Wijaya)**. Angsal 12 tahun lajeng lereh. Dalem kabupaten

Halaman -21-

kapindhah ing kampung Gowah. Manut ing pengetan rampunging pandamelipun dalem kabupaten nalika tanggal 1 Juli 1814.

XXIX. Salerehipun Raden Tumenggung Suryahadi Wijaya ingkang gumantos jumeneng bupati **“Kangjeng Pangeran Citrasoma”** **ingkang kaping 6** bupati Japara (uruting petang kaping 6 wau saking Japara, sanes saking Tuban, bilih kapetang saking Tuban nembe Citrasoma kaping 1) watawis 6 tahun lajeng pindhah ing nagari Lasem. Watawis 3 tahun lajeng pindhah ing Japara malih.

XXX. Sajengkaripun Kangjeng Pangeran Citrasoma ingkang kaping 6 ingkang gumantos jumeneng bupati **“Kangjeng Pangeran Citrasoma** **ingkang kaping 7**(Kapetang saking Tuban, Citrasoma kaping 2) angsal 20 tahun lajeng seda.

XXXI. Sasedanipun Kangjeng Pangeran Citrasoma ingkang kaping 7 ingkang gumantos jumeneng bupati **“Raden Adipati Citrasoma** **ingkang kaping 8** (kapetang saking Tuban, Citrasoma kaping 3) angsal 30 tahun lajeng pensiyun.

XXXII. Salerehipun Kangjeng Raden Adipati Citrasoma ingkang kaping 8, ingkang gumantos jumeneng bupati **“Raden Tumenggung Panji Citrasoma** **ingkang kaping 9** (kapetang saking

Tuban, Citrasoma kaping 4) angsal 22 tahun lajeng pensiyun.

XXXIII. Salerehipun Raden Tumenggung Citrasoma ingkang kaping 9 ingkang gentosi jumeneng bupati “**Raden Mas Tumenggung Sumabrata**” (1892) angsal 4 wulan lajeng seda. Kasarekaken ing Daganipun astana Kangjeng Susuhunan Bonang.

XXXIV. Sasedanipun Raden Mas Tumenggung Sumabrata, ingkang gentosi jumeneng bupati ingkang putra mantu “**Raden Adipati Arya Kusumadigda**” (1893) angsal 16 tahun lajeng seda. Kasarekaken ing Astana Makam Pathi (Tuban).

XXXV. Sasedanipun Raden Adipati Arya Kusumadigda, ingkang gentosi jumeneng bupati ingkang raka, wasta “**Raden Tumenggung Pringgawinata**”, patih Rembang (1911) saha nalika dinten Saptu Wage tanggal kaping 11 Oktober 1919 seda. Kasarekaken wonten ing makam Pathi (Tuban).

Ing saroning ing nagari Tuban, sampun angsal 35 jumenengan bupati. Bokmanawi satanah Jawi boten wonten ingkang nyameni lulusing nagari kados ing praja Tuban. Lan malih tahun 1920 ing nagari Tuban melahi kalampahan sepur NIS ingkang makaten wau mahanani bilih saya lami nagari tambah harja. Lajeng saged hanyakra bawa. Bilih nagari Tuban

badhe saged widada ing salami-laminipun saha saged kagagas sarana alusing budi. Benjing akiripun dalem karesidhenan Rembang saged dumunung wonten ing Tuban. Awit sapunika sampun kawitstara. Senening praja saged anggendeng wahyuning kadrajadan. Nanging sadaya wau taksih kawengku wonten ghaib ing Ghusti. Kita manungsa boten kenging ambuka kekeraning Bawana. Punika awisan ageng tumrap dhateng ingkang ahlul kasunyatan dados panyakrabawa kula ingkang kasebut ing nginggil wau nama ketlajeng. Boten langkung nuwun samodra gung pangaksamenipun para mahos.

Sapunika kula badhe hanerusaken cicriyosan utawi dodongengan, mirit saking wawaton buku. Utawi mirengaken saking cariyosipun bapa kula nami “Mas Ngabehi Prawirareja”, mantri guru ing Tuban. Nalika taksih gesang, kawontenanipun saged mathuk. Pramila lajeng kula terangaken kados ing ngandhap punika:

-----::-----

Bab sareyanipun para Aoliya, tuwin para luluhur ing nagari Tuban

I. Ingkang sinare ing Astana Kahuman:

1. Ingkang kilen, Kyai Ageng Maloko, rakahipenipun Kangjeng Susuhunan ing Bonang

2. Kangjeng Susuhunan Bonang
3. Kyai Ageng Gegilang (bupati Tuban ongko: 10)
4. Kyai Ageng Batabang (bupati Tuban ongko: 11)

5. Kyai Ageng Ngraso (bupati Tuban ongko: 9)
6. Pangeran Arya Balewot (bupati Tuban ongko: 12)

II. Ingkang sinare ing Astana Majagung (ingkang sisih kilen)

1. Somuhkhammad Asngari (modin Majagung ingkang kasebut iyasa beteng Kumbakarna. Kala panjenenganipun Pengeran Dalem bupati Tuban duka. 17) punika Somuhkhammad Asngari putranipun Somahmuddil Kubra. Ing nagari Palembang. Lajeng kapundhut putra dening Sang Prabu Cingkaradewa. Ratu ing nagari Cempa. Dhatemipun Somuhkhammad Asngari ing tanah Jawi asasarengan hakaliyana putra Cempa wasta Raden Arya Abu Huraerah inggih Kyai Ageng Kapasan (Surabaya) dalah sagarwa putra.
2. Seh Ngabdurrahman inggih Kangjeng Susuhunan Majagung (putra Ratu Cempa)
3. Nyai Ageng Pembayun (garwa Ratu Cempa)
4. Nyai Ageng Panengah (putra Ratu Cempa)
5. Nyai Ageng Waruju (putra Ratu Cempa)

Halaman -25-

III. Ingkang sinare ing Majagung Tapakan

1. Pangeran Pangulu
2. Kebayan Tuhu
3. Kyai Sudimara

IV. Ingkang sinare ing Astana Kajongan

1. Raden Arya Teja (Bupati Tuban ongko: 7)
2. Raden Ayu Arya Teja (garwa bupati Tuban ongko: 7)
3. Raden Arya Panular, inggih Raden Arya Dikara (Bupati Tuban ongko: 6)
4. Nyai Ageng Manila (ingkang ibu Kangjeng Susuhunan Bonang)
5. Nyai Ageng Rondha Kotha (ingkang bak ayu Kangjeng Susuhunan Bonang)
6. Kyai Ageng Ngadusi
7. Nyai Ageng Marwati
8. Nyai Ageng Gusniyah
9. Kyai Ageng Wanapala
10. Kyai Ageng Batulare
11. Raden Arya Ronggalawe (bupati Tuban ongko: 2)
12. Raden Arya Siralawe (bupati Tuban ongko: 3)
13. Raden Arya Sirawenang (Raden Arya Wenang, bupati Tuban ongko: 4)

Halaman -26-

14. Raden Arya Lena (bupati Tuban ongko: 5)

V. Ingkang sinare ing Makam Dawa, kampung Sidamukti

1. Sojali, inggih Sojalallodin

VI. Ingkang sinare ing Cungkup Makam Agung (Makam Magung) punika wonten tiga

1. Cungkup ingkang Kilen, Somaolana Mahungnar, asal saking nagari Pace (Cempa)
2. Cungkup ingkang Tengah, Somaolana Madumayang, saking nagari Palembang
3. Cungkup ingkang Wetan, Somaolana Mayangmekar, sadherekipun Somaolana Madumayang.

Tiga-tiganipun wau sami sakabatipun Kangjeng Susuhunan Bonang.

Ingkang sinare sajawining cungkup, Somaolana Jagapati (putranipun Kyai Ageng Ngraso, bupati Tuban ongko: 9) santrinipun Somaolana Maungnar.

Ingkang sinare ngandhapipun kajeng imba punika Soprang Wadana.

VII. Ingkang sinare ing Astana Panyuran, Nyai Ageng Manyura, putra Kangjeng Susuhunan Ngampel (ingkang bak ayu Kangjeng Susuhunan Bonang)

VIII. Ingkang sinare ing Astana Gesik, dhistrik Rembes.

Halaman -27-

1. Soibrahim Asmara, saking nagari Cempa. Ingkang eyang Kangjeng Susuhunan Bonang.

IX. Ingkang sinare ing Astana Bentongan, Songabdul Satari. Inggih Pangeran Pagerwarih dalah ingkang garwa

X. Ingkang sinare ing Astana Penitikan dhusun Brondongan (Baturetna), ingkang rayi Kangjeng Susuhunan Kudus

XI. Ingkang sinare ing Pasarehan Tundhung Mungsuh (Klamber), inggih punika Raden Gagar Manik. Putranipun Kangjeng Sultan ingkang kaping 2 ing Mataram.

XII. Ingkang sinare ing Gedhong Maolana (Majagung Lor)

1. Somaolana Iskak
2. Ingkang garwa

XIII. Ingkang sinare ing Kali Gunting dhusun Prunggahan, inggih punika Kyai Ageng Papringan (bupati Tuban ongko: 1)

XIV. Ingkang sinare ing Gedhong dhusun Gedhondhong (Gedhong Omba)

1. Solemahbang sarimbit
2. Ingkang garwa (putranipun Kyai Ageng Tegal Omba)

XV. Ingkang sinare ing Astana Atas Angin (Gedhong Omba)

1. Cungkup ingkang Ler Wetan, Prabu Brawijaya pamungkas
2. Cungkup ingkang Wetan, Pangeran Atas Angin

XVI. Ingkang sinare ing Gedhong Pekuncen (Brondongan) nami Raden Arya Dewabrata, putra Kangjeng Sultan Pajang

XVII. Ingkang sinare ing Kajaranom (Sleko=Sukalila), Somahmud. Ngulama ing nagari Pahang

XVIII. Ingkang sinare dhateng Pasarehan Pasekan, Nyai Ageng Langgeng. Putranipun Kangjeng Susuhunan Ngampel

XIX. Ingkang sinare ing pasarehan kampung Kingking Kidul wonten 3

1. Cungkup ingkang Kilen; Kyai Samadiyah
2. Cungkup ingkang Tengah; Kyai Marom
3. Cungkup ingkang Kidul; Kyai Mahmud

XX. Ingkang sinare ing Makam Pathi (Kebonsari), putra saking Pathi wasta Raden Surangga, nyakhabat dhateng Kangjeng Susuhunan Bonang

XXI. Ingkang sinare ing Makam Kusen kampung Kaibon punika Juru Seratipun Prabu Brawijaya Pamungkas wasta Raden Sabar

XXII. Ingkang sinare dhateng dhusun Prunggahan (Sakidulipun Majagung Tapakan) punika Raden Barat Katiga

XXIII. Ingkang sinare ing sajawining Astana Kangjeng Susuhunan Bonang, Pangeran Arya Pamalad (bupati Tuban ongko: 15)

XXIV. Ingkang sinare ing Tanjung Awar-Awar dhistrik Jenu (Tuban)

1. Sofakir Miskin
2. Dewi Hapsariyah (putra Kangjeng Sultan Banten)

XXV. Ingkang sinare ing dhusun Kepoh (Sukalila) punika Pangeran Andong Wilis asal saking Pacangan (Madura)

XXVI. Ingkang sinare ing Cungkup Kali Untu, dhistrik Jenu, Sahid Edun Aman Ibdukhajan saking nagari Ngadan.

Cungkup ingkang Kidul, Kyai Ageng Sawo: sarimbit putra Kangjeng Susuhunan Ngampel.

Cungkup Jenu ingkang Wetan pyambak: Pangeran Alas inggih Somuhkhammadinul Ngarifin. Putranipun Pangeran Karawelang.

Cungkup ingkang Kilen Pangeran Ubeng saking Pajang.

XVII. Ingkang sinare ing Cungkup dhusun Nambangan

1. Pangeran Nambangan
2. Menak Cliring
3. Kyai Ageng Ngeso

XVIII. Ingkang sinare ing Jojogan (Nglirip) inggih punika Pangeran Kusuma Yuda, nami Kyai Ngabdul Jabar, putra Sultan Pajang.

XIX. Ingkang sinare ing dhistrik Rengel punika Pangeran Purbaya, putra Sultan Pajang

XXX. Ingkang sinare ing dhusun Pekuwon dhistrik Rengel punika Pangeran Dhandhang Kusuma, putra Sultan Pajang, nami Kyai Pasu.

Halaman -30-

XXXI. Ingkang sinare ing dhukuh Dringo, dhusun Jegula dhistrik Rengel punika Pangeran Pringga Laya, nami Kyai Nanggul

XXXII. Ingkang sinare ing dhukuh Karang Kali, dhusun Mentora, dhistrik Rengel, Pangeran Pringgadani

XXXIII. Ingkang sinare ing dhusun Sundhulan dhistrik Rengel inggih punika Kangjeng Ratu Ayu, putra Kangjeng Sultan Pajang

XXXIV. Ingkang sinare ing dhusun Pucangan onder dhistrik Montong, punika Pangeran Ngisa, putra Sultan Pajang

XXXV. Ingkang sinare ing Dagangan dhistrik Singgahan Kyai Adipati Cakranagara, bupati Tuban ongko: 25 wondening Kyai Adipati Purwa Nagara (Prelos) sinare ing Demak

XXXVI. Ingkang sinare ing Majagung Wetan ingkang Ler, Kangjeng Pangeran Citrasoma kaping 7

XXXVII. Kangjeng Raden Adipati Citrasoma kaping 8 sinare ing Majagung Wetan ingkang Kidul.

XXXVIII. Kangjeng Raden Tumenggung Citrasoma kaping 9 sinare ing Majagung Wetan ingkang Kidul

XXXIX. Kangjeng Raden Mas Tumenggung Sumabrata sinare ing Daganing Astana Bonang

XXXX. Kangjeng Raden Adipati Arya Kusumadigda, sinare ing Makam Pathi.

----TAMAT----